



YOUR LIFE
YOUR CARE
YOUR PEOPLE

Public Partnerships LLC

PO Box 310, Binghamton, NY 13902

Faks: 1-833-951-0828

Akò sou Asistan Pèsonèl

Non asistan pèsonèl:

ID PPL:

(Prenon, Siyati)

Objektif Akò sou Asistan Pèsonèl sa a se pou fè m konnen règ mwen dwe swiv pou m vin yon Asistan Pèsonèl (PA) nan Pwogram Asistans Pèsonèl Konsomatè Jere a nan Eta New York (CDPAP).

Pou mwen kapab yon PA nan CDPAP, mwen dwe swiv règ sa yo:

Règ jeneral yo:

1. Yon PA se yon moun yo anplwaye pou bay yon moun ki fè pati CDPAP (konsomatè a) swen.
2. Pou m vin yon PA:
 - Mwen dwe gen omwen 18 lane.
 - Mwen dwe genyen yon Nimewo Sekirite Sosyal ki valab.
 - Mwen dwe gen dwa pou m travay nan Peyi Etazini.
 - Si mwen se yon paran oswa responsab legal yon konsomatè ki poko gen 21 lane, mwen pa kapab sèvi kòm PA li.
 - Si mwen se mari oswa madanm konsomatè a, mwen pa kapab sèvi kòm PA li.
 - Si mwen se Reprizantan Deziyen (DR) konsomatè a, mwen pa kapab sèvi kòm PA li.
3. Lè m ap travay kòm yon PA, mwen gen de (2) patwon:
 - Konsomatè a (oswa DR li a), se patwon m; epi
 - Public Partnerships LLC (PPL) se patwon mwen tou.



YOUR LIFE
YOUR CARE
YOUR PEOPLE

4. Souvan yo rele aranjman sa a travay "konjwen".
5. Antanke anplwayè "konjwen", responsablite PPL yo diferan pase responsablite konsomatè m lan genyen yo.
6. Responsablite konsomatè a se:
 - Deside si l ap anboche m;
 - Fikse orè travay mwen;
 - Montre m kòman pou m fè travay mwen;
 - Apwouve lè mwen travay yo;
 - Sipèvize travay mwen;
 - Deside mete fen nan travay mwen, si sa a nesesè.
7. Responsablite PPL yo se:
 - Asire mwen kalifye pou vin yon PA;
 - Jere pwosesis enskripsyon an;
 - Peye chèk mwen yo;
 - Kolekte epi soumèt taks pewòl yo, epi
 - Retire dediksyon nan salè mwen jan nenpòt lòd tribinal egzije sa a.

Enskri pou ou vin yon PA

8. Pou mwen ka vin yon PA, mwen dwe enskri nan PPL.
9. Enskri nan PPL vle di mwen pral bezwen li epi ranpli sèten fòmilè.
10. Kòm yon pati nan pwosesis enskripsyon an, mwen pral bezwen fè yon evalyasyon sante tou.
11. Pandan pwosesis enskripsyon an, mwen dwe ranpli tout fòmilè yo avèk enfòmasyon ki se laverite epi ki egzat.
12. Mwen pral fè pwosesis evalyasyon sante a jan PPL mande l la.
13. Mwen pral siyen fòmilè enskripsyon yo pa mwayen elektwonik, jan PPL te mande sa a.
14. PPL ap di m lè enskripsyon mwen an fin konplè oswa si gen pwoblèm nan enskripsyon mwen an.
15. Si mwen kanpe travay pou konsomatè mwen an pandan plis pase 6 mwa, mwen ka oblije refè pwosesis enskripsyon an ankò.
16. Mwen pa kapab kòmanse travay nan CDPAP toutotan PPL poko di m enskripsyon mwen an fin konplè.



YOUR LIFE
YOUR CARE
YOUR PEOPLE

Verifikasyon baz done PA yo:

17. Pandan pwosesis enskripsyon an, epi chak mwa annapre, pandan tout tan mwen se yon PA, PPL pral fè yon "verifikasyon baz done" sou mwen.
18. Se gouvènman federal la ak eta New York ki jere baz done sa yo.
19. Baz done sa yo genyen non moun ki pa ka travay nan CDPAP.
20. Si PPL ta jwenn non mwen nan youn nan baz done sa yo, mwen p ap kapab travay nan CDPAP.

Travay antanke yon PA

21. Konsomatè mwen an oswa DR li a pral fikse orè travay mwen.
22. Orè travay mwen an baze sou kantite èdtan sèvis konsomatè mwen an gen otorizasyon pou l resevwa.
23. Konsomatè mwen an oswa DR li a pral:
 - Montre m kòman pou m fè travay mwen, epi
 - Sipèvize fason pou mwen fè travay sa yo.
24. Konsomatè mwen an oswa DR li a ka mete fen nan travay mwen an nenpòt lè epi pou nenpòt rezon ki legal.
25. Gen règ ki sevè sou fason ak ki lè mwen ka bay konsomatè mwen an sèvis:
 - Mwen pa dwe janm travay plis èdtan pase sa a ki nan orè travay mwen an.
 - Mwen pa dwe janm fè travay pou konsomatè mwen an si yo nan lopital, yon mezon retrèt, oswa nenpòt lòt etablisman swen.
 - Mwen pa kapab bay konsomatè mwen an sèvis si li pa nan CDPAP ankò.
26. Si mwen se yon travayè ki abite menm kote ak konsomatè a, mwen konprann mwen dwe;
 - Dòmi omwen 8 èdtan chak swa,
 - Dòmi omwen 5 èdtan san kanpe chak swa, epi
 - Twa (3) poz inèdtan pou repa chak jou pou manje maten, manje midi ak manje aswè.
27. Mwen dwe swiv tout enstriksyon konsomatè mwen an oswa DR li a bay.
28. Mwen dwe toujou kenbe tout enfòmasyon pèsònèl sou konsomatè mwen an prive.
29. Mwen pral kontakte PPL si mwen gen nenpòt kesyon sou to salè mwen oswa avantaj mwen yo.



Rapòte kantite tan mwen travay

30. Gen règ ki sevè sou kijan ak ki lè mwen dwe rapòte kantite tan mwen travay:
- Mwen dwe itilize yon telefòn mobil, yon tablèt, oswa yon òdinatè pou m rapòte kantite tan mwen travay la nan aplikasyon PPL Time4Care™ la.
 - Si mwen pa ka itilize Time4Care™, mwen dwe itilize yon lòt metòd ki apwouve pou m rapòte kantite tan mwen travay la, ki ka gen ladan itilize telefòn fiks konsomatè a oswa soumèt fèy prezans ki gen kantite tan an. Konsomatè mwen an oswa PPL ap bay plis enfòmasyon sou sa a, si sa a nesesè.
 - Mwen dwe itilize Time4Care™ oswa yon lòt metòd ki apwouve pou m rapòte kantite tan mwen travay lè mwen konekte nan kòmansman chak woulman, epi mwen dwe dekonekte nan fen chak woulman.
 - Mwen dwe rapòte kantite m travay chak jou m travay. Mwen pa gen dwa rapòte lè mwen yo an reta.
31. Konsomatè a oswa DR li a pral apwouve kantite lè travay mwen rapòte nan Time4Care™ oswa yon lòt metòd ki apwouve.

Lòd Tribinal yo:

32. Mwen konprann PPL ka resevwa òdonans tribinal pou retire lajan nan chèk mwen yo (yo konn rele tou "sezi sou salè").
33. Mwen konprann PPL oblije swiv lòd tribinal la yo.
34. PPL ap retire lajan nan chèk mwen jiskaske lòd tribinal la satisfè, oswa jiskaske li pa aplikab ankò.
35. Mwen konprann PPL gendwa fè m peye yon frè tretman pou tabli lòd tribinal la.

Evite Konpòtman Kriminèl:

36. Mwen konprann epi mwen dakò:
- CDPAP se yon pwogram Medicaid New York;
 - Lè w pa onèt nan yon pwogram Medicaid, sa a kapab yon krim; epi
 - Yo souvan rele moun ki pa onèt nan yon pwogram Medicaid kòm moun ki komèt "fwòd, gaspiyaj oswa abi."
37. Mwen konprann konpòtman malonèt sa yo kapab yon krim:
- Rapòte lè mwen pa t travay;
 - Lè yo peye m pou travay mwen pa te fè;



YOUR LIFE
YOUR CARE
YOUR PEOPLE

- Travay plis èdtan pase tan yo otorize m travay;
 - Rapòte lè travay lè konsomatè mwen an nan yon lopital oswa yon lòt etablisman swen; oswa
 - Aji nan fason ki malonèt lè m ap rapòte lè mwen travay.
38. Si mwen patisipe nan nenpòt konpòtman malonèt pandan m ap travay antanke yon PA:
- Mwen pral bezwen remèt lajan mwen pa t travay pou li a,
 - Eta a oswa gouvènman federal la pral pouswiv tout mwayen legal pou fè m ranbouse lajan an, epi
 - Mwen ka sibi sanksyon kriminel, ki gen ladan prizon, poutèt m te komèt fwòd, gaspiyaj, oswa abi.

Kisa mwen dwe rapòte bay PPL:

39. Mwen dwe di PPL touswit si mwen sispèk nenpòt moun ki nan CDPAP:
- Te patisipe nan konpòtman malonèt (komèt fwòd, gaspiyaj, oswa abi);
 - Te fè konsomatè a abi sou plan finansye (te mal itilize lajan oswa pwopriyete konsomatè a,
 - Te fè konsomatè a abi fizikman, emosyonèlman oswa seksyèlman ak/oswa
 - Te koupab neglijan an vè konsomatè a.
40. Mwen dwe rapòte nenpòt gwo bèss oswa chanjman nan eta fizik oswa mantal konsomatè mwen an bay responsab dosye konsomatè a oswa bay PPL.
41. Mwen dwe enfòmè PPL touswit si mwen pa ka kontakte konsomatè mwen an oswa DR li a.
42. Si mwen se yon travayè ki abite menm kote ak konsomatè a, mwen dwe fè PPL konnen touswit:
- si yo pa kite m dòmi 8 èdtan chak swa (omwen 5 èdtan ladan l san kanpe); oswa
 - si yo pa ban mwen twa (3) poz inèdtan pou repa chak jou.
43. Mwen dwe enfòmè PPL touswit si mwen gen nenpòt pwoblèm avèk konsomatè mwen an oswa DR li a.
44. Mwen dwe enfòmè PPL touswit si gen mesaj erè nan Time4Care™ oswa nan pòtay entènèt PPL la.
45. Mwen dwe enfòmè PPL touswit si:
- Enfòmasyon pou kontakte m chanje, oswa



YOUR LIFE
YOUR CARE
YOUR PEOPLE

- Mwen sispann travay pou konsomatè mwen an.

Lè mwen siyen anba a, mwen dakò pou m suiv tout règ ki endike anwo yo:

Asistan pèsonèl la siyen la:

Dat:
